



Charlie Crist
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
State Surgeon General

Pou Piblikasyon Imedyat
April 2008

Kontakte: Susan Smith
850-245-4111

**** PAPYE ENFOMASYON SOU SIKLÒN TWOPIKA/SIKLÒN****

MEDIKAMAN NAN SITYASYON DEZAS

TALLAHASSEE – Nan ka yon sou Siklòn Twopikal/Siklòn ta rive, ou ka bezwen evakyè kay ou e sèvis regilye kapab vinn limite tanporèman. Pou asire ke ou kapab kontinye pran medikaman ou yo nan mitan tout bagay sa yo, Depatman Lasante (Department of Health (DOH)) rekòmande ke ou fè **plan kounye an** lè ou pran tout mezi sa yo.

Rele doktè w la pou mande li pou li preskri w medikaman pou 30 jou si sa posib.

- Achte yon bwat oganizè konprime, e mete ladan tout medikaman ou yo pou de (2) semèn- mande asistans nan me doktè w la oubyen yon lòt pwofesyonèl medikal, pou asire'w ke ou mete ase medikaman ke ou pr'al bezwen.
- Fè yon is de tout medikaman ou yo: kijan ke ou fèt pou pran yo, a ki lè, etc., Fè yon kopi de lis la. Mete yon kopi avèk medikaman yo; bay lòt la pou yon zanmi ou, e kenbe yon avèk ou tout tan. Asire'w ke ou mete tout alèji ke ou genyen nan lis la tou avèk tout manje ke ou pa fèt pou manje. Non doktè w la avèk nimewo telefòn dijans fèt pou yo sou lis la tou. Medikal pwofesyonèl ou an oubyen moun k'ap swaye w lan kapab baw asistans for fè tout bagay sa yo.
- Ranje tout medikaman yo yon fason ke ou kapab pran yo pou ale nenpòt ki moment san ke ou pa ale fouye pou yo, nan yon momen de notis.
- Si w'ap pran medikaman nakotik pou doulè, kenbe yo avèk ou tout tan.
- Si ou nan yon dyèt espesyal ou byen ke ou bezwen sipleman espesyal, pran rezèv pou de (2) semèn avèk ou.
- Ou fèt pou menne avèk ou tout medikaman ke yo van sou kontwa nan famasi an ke ou bezwen. Medikaman pou doulè/ Ibuprofen, antasid, laksatif/sipozitwa, Imodiòm, Benadryl, dekonjestan, antibyotik, pomadt, gout librikan pou zye.
- Isi w'ap itilize medikaman pou respirasyon avèk yon nebilizè, mennen li avèk ou tou.

Pou plis enfòmasyon, vizite site Dèpatman Lasante a <http://www.doh.state.fl.us> oubyen www.FloridaDisaster.org.

Florida Enfomasyon Ijans Nimewo Telefòn : 1-800-342-3557

Enfòmasyon Piblik Pou sipò fonksyon Ijans : (850)-921-0384
###